



Pou Piblikasyon Imedya: 08/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU DESIZYON DEZYÈM SIKWI KI DEFANN PRENSIP DEBAZ LEJISLASYON PRENSIPAL NAN NEW YORK SOU PÒ ZAM KACHE**

"Aprè yon desizyon ensousyan Tribinal Siprèm ki te retire yon zouti kle mwen te genyen antanke Gouvènè pou pwoteje Nouyòkè yo kont vyolans ak zam, mwen te travay ak Lejislati a pou kreye lwa sou pò zam kache prensipal a pou pwoteje sekirite piblik. Lwa sa yo te etabli pwoteksyon bon sans pou ranfòse verifikasyon antesedan, pwoteje kote ki sansib yo, epi asire pèmi yo bay yon fason responsab. Kounye a, menm apre yon ane nan atak legal ki soti kote ekstremis dwat, prensip debaz lwa nou yo rete an vigè apre desizyon jodi a nan tribinal dapèl Etazini an pou Dezyèm Sikwi a. Sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen, epi m ap kontinye fè efò pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418